

# Èd

# Alimentaire

## ASISTANS KI DISPONIB POU TOUT MOUN

Tout moun gen aksè a kèk benefis imedyat a kout tèm pou ede avèk bezwen debaz yo nan ka yon dezas:

- Kwizin soup popilè, ki bay manje cho
- Bank alimantè, ki bay pwovizyon
- Sant sante
- Sèvis konsèy nan sitiyasyon kriz
- Abri pou lannwit pandan ijans (anpil nan yo mande ou kite nan lajounen an)
- Abri vyalans domestic

Tcheke avèk Sant One-Stop ki pi pre [www.careeronestop.org](http://www.careeronestop.org) oswa sant sante pou ou chèche konnen sèvis ijans lokal ki ka ede ou.

Gade tou Farmworker  
Justice's guides  
(Gid Jistik Farmworker a)  
sou Asistans  
Lojman ak Lajan.



FARMWORKER  
JUSTICE

1126 16th St. NW, Suite LL-101  
Washington, DC 20036  
[www.farmworkerjustice.org](http://www.farmworkerjustice.org)



Piblikasyon sa a te finanse pa Administrasyon Resous Sante ak Sèvis (Health Resources and Services Administration (HRSA)) Depatman Sante Etazini ak Sèvis Sosyal (U.S. Department of Health and Human (HHS)) anba akò kooperativ U30CS22741, Akò Kooperasyon Nasyonal pou Fòmasyon ak Developman Asistans Teknik, (National Training and Technical Assistance Cooperative Agreement) pou \$ 450,000 ak 0% ki finanse avèk resous ki pa federal . Enfòmasyon sa a oswa kontni ak konklyzon yo se pa otè a epi yo pa ta dwe entèprete kòm pozisyon politik ofisyèl oswa andòsman pa HRSA, HHS, oswa gouvènman Etazini an.

## NAN KA YON GWO DEZAS



# Èd Alimentaire

ASISTANS IMEDYAT

## D-SNAP

Si Prezidan an deklare yon gwo dezas, benefis D-SNAP yo disponib pou jiska 30 jou. Pwogram nan dirije pa ajans leta avèk èd USDA Food and Nutrition Service (Sèvis Manje ak Nitrisyon (FNS)).

Ou ka jwenn benefis rapidman nan 72 èdtan apre lè ou aplike a. Ou ka aplike pou benefis D-SNAP yo sèlman pou yon peryòd tan limite apre katastwòf la. D-SNAP se pa menm bagay ke koupon pou manje (food stamps) regilye yo (SNAP).

### Pou ou kalifye pou D-SNAP:

- Ou te dwe viv nan zòn dezas la nan moman katastwòf la
- Ou dwe planifye pou achte manje pandan peryòd katastwòf la
- Ou dwe fè eksperyans omwen youn nan bagay sa yo:
  - Depans ki asosye avèk katastwòf la ki pa prevwa pou yo ranbouse ou pandan peryòd 30 jou benefis D-SNAP la
  - Revni ki pèdi oswa ki pa aksesib
  - Ou pa ka aksè a lajan ou

Eta yo ka mande ou pou yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) sou aplikasyon D-SNAP la, men aplikasyon an dwe di ke yo pa p refize yon kay benefis poutêt li pa bay yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou D-SNAP nan:  
[www.disasterassistance.gov/get-assistance/forms-of-assistance/5769](http://www.disasterassistance.gov/get-assistance/forms-of-assistance/5769)

ASISTANS MANJE KI DIRE PI LONTAN

## SNAP

SNAP (ke yo te konn rele anvan koupon pou manje (food stamps) bay moun ak fanmi ki pa touche anpil kòb asistans pou yo achte manje nan makèt ak nan lòt magazén manje an detay.

Ou ka kalifye pou benefis SNAP si:

- Ou ranpli sèten kondisyon revni
- Ou se yon anplwayè oswa ou ap patisipe nan yon pwogram travay ak fòmasyon; ak
- Ou se yon sitwayen Ameriken, Rezidan pèmanan legal pou plis pase 5 lane, Rezidan pèmanan legal ki poko gen 18 an laj, oswa yon sitwayen ki pa sitwayen yo te admèt pou rezon imanitè (ki se yon Azile oswa Refijye)

Pou jwenn yon nimewo telefòn pou biwo SNAP eta ou a oswa pou plis enfòmasyon sou fason ou ka kalifye, ou ka rele SNAP gratis nan nimewo: 1-800-221-5689.

Ou ka ale nan sit entènèt SNAP la tou:  
[www.fns.usda.gov/snap](http://www.fns.usda.gov/snap).



Nan ka yon gwo dezas